Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 48 (6509) 17 октябрь 2016 с. Итни МухIаррам 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Баркула нухазул магIишаталъул хIалтIухъабазда!

ХIурматиял Гумбет районалъул нухазул магIишаталъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда профессионалияб байрам! Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе кIудияб кIвар бугел автомобилал хьвадулел нухал гьари ва къачIай Гумбеталда лъикI унеб буго. Нужер хIаракатаб хIалтIул хIасилалда бараб буго районалъул халкъалъул хIинкъи гьечIел, парахатал сапаралги, гIадамазул рес буголъиги, гьезул гIумру лъикIлъиги. РакIчIараб буго, нужер жигарчилъиялда, хIалбихьиялда мугъчIвайги гьабун, гьеб рахъалъ нилъее бергьенлъаби щвезе рукIиналда.

Гьарула, нужее щулияб сахлъи, хъизаналда талихI-рохел, захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

## ЦIуне ниж рагъалдаса, цIуне питнаялдаса…

**«Лъимал- терроралда данде»**




**11 октябралда Гумбет районалда тIобитIана лъималаз хъилалда тIад сурат бахъиялъул «Лъимал - терроралда данде» конкурс. Гьелда гIахьаллъана районалъул 10 школалдаса 1-4 ва 5-7 классаздаса цо-цо цIалдохъан. Кинавниги 19 цIалдохъан. Конкурс тIобитIиялъул мурадги букIана лъимал ВатIан бокьиялде куцай ва терроризмалде гьезул рокьукълъи бижизаби.**

Конкурс рагьана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас. Гьелда гIахьаллъана ва цIалдохъабазе, терроризм тIибитIараб гьаб заманалда, гьелъул вахIщилъиялъул, квешлъиялъул, гьелдаса хвасарлъизе ккани щиб лъазе кколеб, кинаб къагIида хIалтIизабизе ккolебали бицана Гумбет районалъул прокурор **МухIамад МухIамадовас,** районалъул администрациялъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ заместитель **Малик Маликовас**, Россиялъул ОМВ-Дялъул Гумбет районалда бугеб балъугъилъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухIамад ХIусейновас,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист **Загьра ГIабдулаевалъ**.

Суратал рахъиялъул конкурсалда гIуцIун букIана жюриги. ХIасилал гьарун 1-4 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI 4 классазул цIалдохъаби **МухIадрасул ГIалисултановас** – МелъелтIа СОШ, кIиабилел бакIал **Сапият ГIисаевалъ** – ЛъаратIа СОШ, **Алжанат МухIамадовалъ** – Ингишо СОШ, лъабабилел бакIал 2 «а» классалъул цIалдохъан **ХIасан МухIамадовас** – ЧIиркъатIа СОШ, 4 класалъул цIалдохъан **МуртазагIали МухIамадтIаминовас** – Гъоркь Инхо СОШ, лъабабилеб классалъул цIалдохъан **МухIамадгIарип Камаловас** – ЦIиликь СОШ ккуна.

5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана 6 классалъул цIалдохъан **Шамил МухIамадов** – ЦIаналъ ООШ, кIиабилел бакIазе 7 классалъул цIалдохъан **Хадижат ТIалхIатова** – МелъелтIа СОШ, 5 классалъул цIалдохъан **Адам ХIасамирзаев** – Игьали СОШ, лъабабилел бакIазе 6 классалъул цIалдохъаби **Марьям МухIамадова** – ЛъаратIа СОШ, **Макка Сайпулаева** – Ингишо СОШ, 7 классалъул цIалдохъан **МухIамад ГIабасов** – ТIад Инхо СОШ.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан бергьаразе дипломал ва сайгъатал, гIахьаллъарал киназего сайгъаталги кьуна.

**ГIайшат Исламбиева**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЦIиял гIелал – букIинеселъул жавабиял

-2 гьум.



ГIарац дагьлъун, хIалтIи гIемерлъун, техника басралъун

-2 гьум.



Пусть всегда будет солнце…

-3 стр.



Терроризм – абсолютное зло

-3 стр.

ХЬОПОДАГО КЬУРЕЙИЛА...

# ЦІиял гІелал – букІинеселъул жавабиял

### Саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІул рахъалъ комиссиялъул данделъи

**Гумбет районалъул администрациялда 10 октябралда тІобитІана саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІул рахъалъ ва гьезул ихтиярал цІуниялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.**

Данделъиялда гІахьаллъана саназде рахинчІезулгун хІалтІул рахъалъ комиссиялъул жавабияв секретарь **МухІамад Зубайиров,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухІамадов,** культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухІамад ГІумардибиров,** гьесул заместитель **НурмухІамад МухІамадов,** гІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул хІалтІухъан **Шамил Юсупов,** Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул саназде рахинчІел лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспектор МухІамад ХІусейнов, опекаялъул ва тІалаб-агъаз гьабиялъул рахъалъ специалист **ПатІимат ГІумарахъаева.**

Гьоркьор лъуна школалъул гІумруялде рахарал киналго лъимал лъайкьеялъул учреждениязда тІуранго гьорлъе рачиналъе гьабулеб бугеб хІалтІул, административияб материалазул халгьабиялъул, саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІи гІуцІиялъул рахъалъ цере чІарал масъалабазул хІакъалъулъ суалал.

ТІоцеве кІалъазе вахъарав районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадовас абуна: ЦІияб цІалул сон байбихьилелде школазул директорзабазул данделъиялда гьоркьоб лъуна школазда цІалудаса кватІир лъимал хутІизе тезе бегьунгутІиялъул хІакъалъулъ суал. Лъайкьеялъул отделалъул хІалтІухъаби школазде ана гьедин хутІарал лъимал ругищан рихьизе. ЦІияб Аргъвани ва ЧІиркъатІа цо-цо школлъималаз дарсал гьоркьор риччалел ратана. Багьанабиги ратун, школалде лъимал ритІизе бокьуларел цІалдохъабазул умумузулгун хІалтІи гІуцІулеб буго.



Саназде рахинчІезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухІамад ХІусейновас** абуна цІализе лъимал рачІиналъул рахъалъ ЧІиркъатІа лъикІаб хІал гьечІилан. 6 лъимер буго гьениб цІалудаса кватІиб хутІун.

ЦІалдезе лъимал школазде рачІинариялъе гьабураб хІалтІул бицана саназде рахинчІезда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул комиссиялъул членал МухІамад ГІумардибировас, НурмухІамад МухІамадовас, Шамил Юсуповас.

Хадуб кІалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **АхІмад Сулаймановас** абуна школалъул гІумруялъул лъимал цІалудаса кватІир хутІунгутІиялъе комиссиялъул щивав членас жигараб хІалтІи гІуцІизе ккелин, социалияб рахъалъ санагІалъи гьечІел хъизабазда ругел лъималазде цІикІкІун кІвар кьезе ккелин.

Халгьабуна ункъго административияб материалалъул ва рекъон кколел хІукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «КватІараб рии»

### Йохъ, дуда кІоларо кочІохъанасда РакІалде бачІараб рагІи гьукъизе

**Йохъ дуда кІоларо кочІохъанасда**
**РакІалде бачІараб рагІи гьукъизе**
**Замана хисулеб шигІру гьечІони,**
**ШагІирасе гьечІо я херлъи, я хвел.**
**ШигІраби цІалула халкъалъ къарнабаз,**
**ШагІирлъи хутІула гІелалгун чІаго.**
***СалихІ Гьудибиров***

**2016 соналъул сентябралда 77сон тІубана нилъедаса ватІалъарав, Аллагьас жиндир мунагьал чурун, даража борхизабеяв, шагІир, сатирик, Гумбет районалъул Килалъ росулъа СалихІ Гьудибиров гьавуралдаса.**

Гьесул кучІдузул мажмугІалде цІар буго «КватІараб рии» абун. ШагІирасда кинги кІун гьечІо «ракІалде бачІараб» рагІи гьукъизе, гьес, ахІана жиндирго ракІелъан хІасратаб сарин. Гьесул киналго кучІдул руго гІагараб росдаде, районалде, тІолго Дагъистаналде бугеб рокьиялъ рижарал. Къисматалъ чанги бакІалде хІалтІизе кканиги, СалихІ хутІана бакълъулазе ритІухъав васлъун, гьезул хасият гІамал, яхІ-намус халкъазе бицунев къеркьохъанлъун. СалихІ цІакъ чІухІулаан нилъер гьунар бугел гІадамаздаса, гьезулгун кидагосеб гьудуллъиги букІунаан. Кидаго СалихІ вукІана росдал жамгІияб гІумруялъул жигарав гІуцІарухъан.

Гьесул поэзиялъ мустахІикъаб бакІ ккола жакъасеб аваразул литератураялда.

**Исрапил Заирбегов**

### Унеб буго рагъулаб хъулухъалде гІолилал ритІиялъул хаслихълъиялъулаб призыв



ГАРА-ЧІВАРИ. НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ГІарац дагьлъун, хІалтІи гІемерлъун, техника басралъун

### Бакълъулазул нухазда бугеб ахІвал-хІал

**Нухазул идараялда мастерлъиялдасан байбихьун 30 сонилаб захІматалъул нух нахъа тана Игьали росулъа ГІалимчилав ГІалимчилаевас. 1986 соналъ автодорожнияб техникум лъугІун вачІаралдаса гьев Гумбеталъул нухазул идараялда хІалтІана мастерлъун, хадув 10 соналъ инженерлъун, ахирияб 5 соналъ «Гумбетовское ДЭП № 10» ОООялъул нухмалъулевлъун. Нухазул магІишаталда хІалтІиги заочно цІалиги цадахъ бачун, щвана тІадегІанаб лъай.**

Нухал гьариялъулгун гьел къачІаялъул идаралда хІалтІулаго 30 сон тІубай ва гІумрудул 55 сон тІубайги баркун, гьесие халатаб, рохалилаб гІумруги, хъизаналъулаб талихІ, хІалтІулъ бергьенлъабиги гьарулаго, нухазул магІишаталъул байрамги баркулаго, байбихьана ГІалимчилав ГІалимчилаевасулгун, «Гумбет» газеталъул хІалтІухъаналъул гара-чІвари. Абуна гьабсагІат нухазда гьабулеб бугеб хІалтІул, церечІарал масъалабазул, дандчІвалел кваракваллазул бицен.

ГІалимчилаевас гьадин бицана:

- МугІрузул шартІазда ригидаги хасалоги захІматаб хІал букІуна Гумбеталда нухал лъикІ, шоферзаби разияб куцалъ чІезариялъул рахъалъ. Чвахун цІадаз гвендахинарула гьоркьоса кьотІичІого нухал, хасало букІунеб хІалги баянаб буго цІидасан бицинчІониги,



гьел гІемер рехсарал, хъварал масъалаби руго. Гьабураб хІалтІухъ кьезе жиндир заманалда гІараци бачІунарел, хІалтІиги гІемерал, техникаги басралъарал нухазул идара буго нижер.

ХІалтІизабизе бегьуледухъ нижерго механизатораз техникаги къачІан, яги цІакъго хІажалъани къватІиса балагьун нухал къачІаялъул, гьезие капиталияб бугониги, иргадулаб бугониги, ремонт гьабиялде кІвар буссинабуна нухазул идараялъ. Капиталияб ремонт гьабулеб буго Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 46-50 абилел километразда. ХІарир нухал чвахун цІадаз цІакъго хвезарунги рукІун, цогидал хІалтІабиги гьаричІого тун, гьелде руссана. Нухда лъуна метр диаметралда бугеб 3 рогІоро, жанисан лъим чвахизе.

Нух къачІана Данухъа Аргъванибе. Данухъа ХІарибе нух къачІазе буго. ЦІадал иххаз хвезарурал нухал руго гьел.

Гумбеталъул нухазул идараялъ гьарулел хІалтІаби капиталияб ремонт гьабулеб бакІалда ахиралде щолел руго, цогидаб гІуцІиялъ тІуразе кколел хутІун руго. Гьенир хІалтІулел руго трактористал **АхІмад Нуцалханов, Давудбег ГІабдулгІазизов, МухІамад СагІадуев**. Аргъваниса ЛъаратІе нухал къачІалел руго **Шамил ХІамзатовас.** КастІаниса Сагьире нухабе ракьанде чвахараб ракь грейдералъ бацІцІад гьабулеб буго **МухІамад Мусаевас ва МухІамаднур Юсуповас**.

Гьарадирихъе нухал лъикІ гьечІолъиялъул гІемер бицунаан. Гьаб соналъ гьел капиталияб къагІидаялъ къачІана, гІатІид гьаруна, чабах чІвана 12 км. манзилалда. Инхо – Гьарадирихъ нухда гІаламатал лъуна, бакІ-бакІалда рагІаллъаби щула гьаруна. Лъуна Кьохъа



ЧІиркъатІе нухда 220 сигналалъулаб тумба. Аргъваниб нухда рогІоро лъуна лъим жанисан чвахизе, бетон тІезе хутІун буго.

МелъелтІа- ИчичІали нухда кьодул сакал гьоркьа лъеца чурун ун хІинкъи бугеб хІалалда рукІана.

ТІалоялда картІал рахъун, гьеб кьо щулалъиялъе захІматаб хІалтІи гьабулеб буго ва гьеб къачІай кьокъаб заманалда лъугІизабизе тІаде босун буго **ХІажимурад Камаловас, Мухтар МухІамадовас, МухІамадсагІит МухІамадовас.**

Гьаб соналъул март моцІалъ ЛъаратІаса МелъелтІе нухде ччукІун 4700 куб. м. ракь, гамачІ бачІун, нух цоги бакІалдасан рехизе ккун букІана. Гьеб бацІцІад гьабуна. Гьебго нухда кьодул къед биххана. 75 куб. метр бетон тІуна гьениб, 5 куб. м. тІезе хутІун буго.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# ГIарац дагьлъун, хIалтIи гIемерлъун, техника басралъун

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)** ГIарац гьечIолъиялъ хадуб бехьерхъун буго гьеб хIалтIи. ГамачI-ракьалдаса тIадехун рехсараб нух бацIцIад гьабун гIарацги щвечIо жеги Дагъавтодоралдасан. Гьабураб хIалтIухъ кьезе нухазул идараялъе Дагъавтодоралъ бачIине ккола 1 миллионгун 800 азарго гъурущ.

**- ГIалимчилав, нухазда хIалтIи гьабиялъе росабазул поселковиял администрацияздасан кумекго щоларищ?**

- Ниж хасго рази руго ЦIиликь ва Аргъвани росабазул бегавулзаби **ГIалихан ДавудхIажиевасдаса ва Сайпилав МухIамадовасдаса.** ЦIиликье нухда хIалтIула тракторалда **Мавлидин ГIусманхIажиев.** Араб хасалоги хIалтIана гьев, гьесие хIалтIухъ мухьги солярkаги нижецаги кьуна. Амма 2012 соналъго ЦIиликье нухде ччукIараб ракь бацIцIад гьабун, кьезе кколеб гIарац Дагъавтодоралъ биччачIолъиялъ, гьесие налъукь руго. Аргъвани – Саду нухал къачIаялде гьоркьоса къотIичIого кIвар кьола Сайпилав МухIамадовас.

**-Хасалоялде кинаб хIадурлъи бугеб, Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялги борхун букIана гьеб суал, гьенир рехсарал гIунгутIабарал гIунгутIабазе ахир лъечIебищ?**

- Хасалоялде хIадурлъи ХIариб рукъзабахъ лъикI гIуцIун буго, тIурччи-цIулалъул, кванил нигIматазул нахърател гьабуна. Гьениб лъун буго телевизор, руго токалъул, газалъул печалги. Нухазул идараялъе куратоpлъи гьабулев райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановасулги нижее кIудияб кумек щола.

Хасалоялде хIадурун буго 4 трактор, 2 автомашина. Хасало цIер кьани щвазе цIам, сали нухазде рехизе дагьаб мехалъ тун буго, гьабсагIат боцIи къватIиб бугеб заман бугелъул, гьез гохIгьабун салиги цIамги щущазабулелъул. ГьорКь буго 8 тоннаялда тIаде цIам генералиял подрядчиказ жидецаго Гумбеталде рехизе буго.

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОООялъ хъулухъ гьабула республикаялъул кIвраралъул 102, бакIалъул кIвараралъул 84 км. нухазе, гIаммаб халалъи 376 погонияб метр бугеб 12 кьоялъе. 100 тонна цIамулги салулги хIажалъула хасалоялде.

**- МелъелтIа – ИчичIали нухал кида къачIазе ругел?**

- 10 къоялдасан байбихьизе буго ихница хвезабураб гьеб нух къачIазе.

**- Хасавюрт – Кьохъ шагьранухда, КастIаниб кьо бан лъугIичIебищ?**

- Жеги лъугIичIо, тIадран унел руго гьеб кIудияб ва берцинаб кьо баялъул хIалтIаби. Сагъри СМУялъ балеб буго гьеб.

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагьиз ХIадисовалъ**

ГIУМРУЯЛЪУЛ ВА МАКТАБАЛЪУЛ ДАРСАЛ

# ГIакълудал иццал – нуж, мугIалимзаби

## МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул мугIалимзаби кIодо гьаруна

**13 октябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 – 11 классазул цIалдохъабаз, классазул нухмалъулел ХIабизат Бекмирзаевалъул, Зайнаб АхIмадовалъул, ПатIиммат Амагаевалъул хIаракаталдалъун, тIобитIана гIакълудал иццал - нуж, мугIалимзаби абураб художественниябгун музыкалияб вечер.**



Гьеб рагьилелде цебе бихьизабуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалда директорлъун хIалтIулев вукIарав, мунагьал чураяв, Чалаби МухIамадовасул хIакъалъулъ видеоролик. Гьесде **ГIиса Шарапудиновас** гьабураб кечI цIалана **Макка Ахкубеговалъ.**

Вечер бачана авар мацIалъул учительница **ХIабизат Амагаевалъ.** ЛъикIаб хIадурлъигун, батIи-батIиял номералгун мугIалимзабазда церерахъана цIалдохъаби. Гьез ракI-ракIалъ, щибаб церерахъиналда, загьир гьабулеб букIана мугIалимзабазде жидер бугеб рокьи, разилъи. Школа искусствалъул лъималаз гьаруна къурдаби.

Вечералда кIалъазе рахъана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директор **Эльмира МухIамадова,** лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул методист **ГIабдула МухIамадов,** умумузул рахьалдасан **Загьра МухIамадова.**

Ахиралда цIалдохъабаз мугIалимзабазе кьуна гьитIиналго сайгъаталги.

**ГIайшат Исламбиева**

АНТИТЕРРОР

# Пусть всегда будет солнце...

## Мероприятия в рамках месячника по противодействию экстремизму и терроризму проводятся в Гумбетовском районе

**В рамках месячника по противодействию экстремизму и терроризму «Дагестанцы против терроризма – Родина дороже» и Плана совместных мероприятий в муниципальном районе «Гумбетовский район» во всех спортивных группах ДЮСШ проходят акции «Дагестанцы против терроризма – Родина дороже».**



Республиканский месячник по противодействию экстремизму и терроризму ознаменовался рядом интересных и познавательных мероприятий, направленных на формирование духовно-нравственного и патриотического воспитания подрастающего поколения, межнациональной толерантности, дружбы и взаимопонимания, профилактики терроризма в молодежной среде и подростковом возрасте. Так, в спортивных школах провели встречи с юными спортсменами Главы сельских поселений, имамы сел, члены АТК района, а также авторитетные члены сельских джамаатов. В мероприятиях приняли участие более 400 юных спортсменов и более 200 представителей сельской молодежи. Во всех встречах обсуждали такие темы, как «Экстремизму – Нет!», «Осуждаем терроризм», «Международный терроризм и его последствия», «На территории села подозрительный человек», «Как себя вести при угрозе теракта», «Они хотели жить», «Вместе против террора». Привлеченными к мероприятиям оказались и родители юных спортсменов. Для них были организованы родительские собрания с обсуждением тем семейного воспитания. Выступивший на одном из мероприятий имам села Нижнее Инхо Омаргаджи Омаргаджиев остановился на вопросах оценки и отношении Ислама к экстремизму и терроризму, объяснив сущность религии Ислам, которая не приемлет насилия, в какой бы форме оно не выражалось. Заместитель главы администрации МР «Гумбетовский район» Малик Маликов отметил высокую значимость профилактической работы с детьми и молодежью на всех уровнях, в частности, в семье и школе. «Профилактика, которую мы должны провести толерантно, в десять раз эффективнее, чем борьба с экстремизмом, инакомыслием и чуждой для нас идеологией. Начинать надо с малого – элементарного общения с детьми, внимания к ним, их заботам, чаяниям и проблемам»,- подчеркнул Малик Маликов. Выступивший далее член АТК района Юнусгаджи Гамзатов в доступной форме довел до юных спортсменов, чем расплачиваются те представители молодежи, которые ошиблись и пошли по пути экстремизма. Были приведены сотни примеров того, как молодые люди обманулись и, взяв оружие в руки, убивали невинных людей, что, в конце концов, все равно приводило к возмездию - к смерти. Далее он рассказал о героический смерти Магомеда Нурбагандова и многих других молодых парней, погибших, защищая мир и людей от этой чумы. «Антитеррористические мероприятия в рамках республиканского месячника продлятся до 15 октября 2016 года», - сообщил источник.

**РИО «Гумбет»**

АНТИТЕРРОР

# Терроризм – абсолютное зло

## «Круглый стол» по обсуждению вопросов экстремизма и терроризма состоялся в Гумбетовском районе

**10 октября в Гумбетовском Центре традиционной культуры народов России в рамках республиканского месячника по противодействию экстремизму и терроризму «Дагестанцы против терроризма - Родина дороже» состоялся «круглый стол» по обсуждению вопросов профилактики экстремизма и терроризма.**



В мероприятии приняли участие заместители главы администрации района Малик Маликов и Ахмед Сулайманов, председатель по молодежной политике и спорту Нурмагомед Магомедов, архитектор района Гаджимурад Ахмеднабиев, работники учреждений культуры района. Открывая работу «круглого стола», М. Маликов отметил, что терроризм и экстремизм являются одним из самых опасных проявлений преступности, характеризующиеся масштабностью, непредсказуемостью, вопиющей жестокостью, циничностью. «В современных условиях терроризм представляет серьезную угрозу безопасности государства и мирового сообщества, создает неблагоприятную психологическую атмосферу в обществе, уносит жизни ни в чем не повинных людей», - добавил Маликов. Выступая далее, А.Сулайманов рассказал о том, как уберечь себя, как понять причину попадания нашей молодежи под влияние различных экстремистских групп и течений и уберечь молодежь от этого пагубного явления. В своем выступлении Нурмагомед Магомедов отметил, что это опасное явление входит в наш обход. Сегодня терроризм приобретает острые формы. Он стал угрозой не только для одной нашей страны, но и для всего мирового сообщества. Поэтому нам надо обозначать новые тенденции в стратегии противостояния терроризму. «Необходимо проводить постоянную пропаганду среди молодежи. Каждый гражданин своей страны должен сделать все, чтобы противостоять этой «болезни», которая поразила многих людей», - добавил Магомедов. «Мы должны сделать всё от нас зависящее, чтобы беречь нашу молодёжь от чуждых нам идей»,- заявил в своём выступлении Г.Магомедов. Директор районной библиотеки Сиядат Абдулмуталибова и специалист Гумбетовского центра традиционной культуры народов России Рапият Ухумаалиева рассказали о проводимой учреждениями культуры работе в области профилактики экстремизма и терроризма. В итоге все пришли к единому мнению, что терроризм и экстремизм - это зло, и с ним нужно бороться вместе.

**РИО «Гумбет»**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# За неуплату налогов – штрафные санкции

### Напоминание об уплате имущественных налогов в установленные сроки

**Межрайонная ИФНС России №12 по РД информирует Вас о том, что неуплата или несвоевременная уплата налогов только ухудшает Ваше положение, так как Налоговым кодексом РФ за просрочку платежа предусматривается начисление пени, а за неуплату или неполную уплату предусмотрены штрафные санкции.**

В этом случае налоговая инспекция обязана передать материалы на взыскание долгов в суд, а Федеральная служба судебных приставов обратит взыскание на Ваше имущество, ограничит пересечение государственной границы, и применит иные установленные законом санкции.

Если Вам не вручили налоговое уведомление или требование об уплате налога, просьба срочно обратиться в налоговую инспекцию по месту нахождения имущества (автомобиля, дома, квартиры, земельного участка, иной недвижимости).

Если Вы имеете право на льготу по налогам, Вам необходимо самостоятельно подать соответствующее заявление и представить документы, подтверждающие право на льготу, в налоговую инспекцию по адресу: 368970, Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Ботлих .

Вы можете самостоятельно узнать размер своей задолженности по всем уплачиваемым налогам, не связанным с предпринимательской деятельностью, и распечатать платежные документы для оплаты в банках. Для этого необходимо знать свой идентификационный номер налогоплательщика (ИНН) и посетить сервис «Узнай свою задолженность» на сайте Управления ФНС России по РД (http://www.nalog.ru/).

Все поступления имущественных налогов (земельного и налога на имущество физических лиц) полностью зачисляются в бюджет сельского поселения и используются в целях социально-экономического развития Ваших же населенных пунктов.

Напоминаем, что срок уплаты имущественных налогов- до 1 декабря 2016 года.

**Ш. Гаджиев, заместитель начальника, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

ЗА МИРНЫЙ ДАГЕСТАН

# Путь исправления

### Профилактическую беседу с лицами, состоящими на профучете, провели в Гумбетовском районе

**Накануне у заместителя главы администрации Гумбетовского района Малика Маликова состоялась профилактическая беседа с лицами, возвратившихся с мест лишения свободы, которые были осуждены по статье 208, часть 2 УК РФ. Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем.**

Беседа была проведена вместе с прокурором района, старшим советником Юстиции Магомедом Магомедовым. В ходе беседы М.Маликов отметил, что в своей жизни человек должен сделать правильный выбор. Для ваххабизма характерен крайний фанатизм в вопросах веры и экстремизма в практике борьбы со своими политическими противниками. Они, порою снимают общечеловеческий моральный запрет на убийство «неверных людей». «Наши предки были приверженцами традиционного ислама, и мы должны придерживаться такой позиции», - добавил М. Маликов. «Каждый человек должен жить и работать в рамках закона и каждый имеет право проповедать любую религию. Но никто не имеет права распространять ненависть и идеологию экстремизма на религиозной, межнациональной и другой почве», - подчеркнул Магомед Магомедов. В завершении встречи Малик Маликов и Магомед Магомедов провели индивидуальную беседу с Юсупом Асадулаевым и Шамилем Таймурадовым.

**РИО «Гумбет»**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Трактористасда макьилъ бихьулеб буго... цІияб трактор

### Кумек гьабилародай гьеб макьу якъинлъизе депутатаз?

**Гумбет районалъул Аргъвани росулъа Давудбег ГІабдулгІазизов «Гумбетовское ДЭП № 10» нухазул идараялда трактористлъун хІалтІулелдаса гІемерал сонал руго. Гьев гІемер вихьула кодор батІи-батІиял кІулалгун трактор къачІалев, нухазда хІалтІи гьабизе гьеб хІадурияльул кьерда чІезабулев.**

«Дица гьаб трактор къачІан, берцин цІунани, кьобакьинегІан квалквал ккечІого хІалтІула. Басрияб, хІалтІизабизе бегьиялдаса араб трактор буго гьаб. Дихье цо кІудияб цІияб трактор щолебани, Хасавюрталдаса МелъелтІе нух 10-15 километралъ кьокь гьабилаан. ГІемерал свераби руго гьенир кьокь гьаризе, битІараб нух бахъизе бегьулел», - ян абуна Давудбегица. Дун гьесул рагІабазда божула, гьев вуго махщел камилав тракторист, бокьараб бакІалдасан нух гьабун бажарулев чи. ГІемер рагІуна гьесул цІаралда нухлулаз, шоферзабаз баркалаялъул рагІаби абулел.

Гумбеталдаса Хасавюрталде унеб нух Казбек районалъул гІорхъоде щвезегІан лъикІаб хІалалда чІезабун букІуна. Гьел гьедин чІезариялъулъ мустахІикъаб бутІа буго Давудбегил. Амма Казбек районалъул ракьалде щваралдаса нухал лъикІ ратуларо, гьезда хадуб халкколев чи вукІунареб къагІида буго.

Давудбег ГІабдулгІазизов Гумбеталда нухал гьариялдагун гьел къачІаялда гурев ги хІалтІана. ХІалбихьи бугев тракторист гІахьаллъана ЦІумаде нух бахъиялда, ГЭСал ралел бакІазда ва цогидалги захІматал хІалтІабазда. ЦІумадисез гьесда абулеб букІана жидер районалда хІалтІизе чІаян. Давудбег разилъичІо, гІагараб Гумбет район рехун течІо, гІадамаз щибаб кьоялъ баркала кьолеб хІалтІи камилго тІубазе хІаракат бахъулев вуго.

Бакълъулал рохизе ккараб иш буго Дагъистан Республикаялъул Халкияб Собраниялде депутатлъун НурмухІамад ГІалиев вищи. ГІемерал гІадамазулгун лъай-хъвай бугев, районалъе хІажатаб балагьизе бажарулев гьесде хьул буго нухазда хІалтІизе цІияб трактор балагьилин. Депутатасде кІудияб божи буго Давудбегилги, цІияб тракторги щун, цІияб къуватгун хІалтІизе.

**АхІмад Расулов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2017

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2017 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гІумру бихьизабулеб матІу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гІумруялъул, гьелъул цІилъабазул, церечІарал масъалабазул хІакъалъулъ.

ХІурматиял росабазул администрациязул бутІрул, районалъул идарабазул, гІуцІабазул нухмалъулел, газета цІа-лулел! ХІаракат бахъе цІияб соналъе «Гумбет» газета щивав хІалтІухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен ккевзе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2017 соналъ газета хъвалезул къадар цІикІкІине букІиналда.

**Газеталъул багьа лъагІалие:**
**Почалдасан** – 366,96 гъ.
**Редакциялдасан** – 200 гъ.
**Бащдаб лъагІалие:**
**Почалдасан** – 183,48 гъ.
**Редакциялдасан-100 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ


Гъоркь Инхо росу

ЗИГАРА

**Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор ХІассан ГІалихІажиевасда, гьваридаб пашманлъиялдалъун, зигара балеб буго унктгІал Марям Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гІумруги кьеги.**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.